

MUTEMO WE SUI GENERIS “PVP/PBR PROTECTION”


Sangano repasi rose rezvekutengeserana “WTO” iro rinoita nezve mitemo yekutengeserana pakati penhengo dzaro rine chibvumirano chinozivikanwa kuti “Trade-Related Aspects of Intellectual Property Rights (TRIPs) muchirungu. Nyika dzinokwana makumi mana nembiri (42) muAfrica inhengo dze WTO uye TRIPs.

TRIPs inoda kuti nhengo dze WTO dziwanise magwaro edziviriro (PVP) kuburikidza nekodzero dzemakambani anoita basa rekuuchika nekutengeswa kwembeu (PBRs) Inobvumidza nyika kuti dzishandise chero nzira dzePBR dzinoenderana nezvavanoda zviri maererano nemarimiro uye mamiriro ehupfumi.

Kuita uku kunodaizwa muchirungu kuti **“a sui generis system”** (nzira iyi hainyanyozivikanwa kana kuti ndiyo yega).

LDCs

Nyika zhinji dzemuAfrica vane ruzivo rushoma kana kuti havatombozivi nezve kodzero dze vanoita zvekuuchikwa kwembeu (PBRs), kana makambani anoita zvembeu asiri ehirumende (*private sector*). Kanyange hazvo nyika dzisina kubudirira (LDCs) dzisingafaniri kushandisi **CHERO** nzira ye PVP kusvika mwedzi wachikunguru (July) 2021 uye dziine kodzero yekuwana nguva pashure peizvozvo, nyika zhinji dzisina kubudirira muAfrica dziri kumhanyira kubvumidza kushandisa mitemo yembeu inosunga munyika madzo zvose nemudunhu radzo dziri muuromgwa hwe ‘UPOV 1991’ichi chibvumirano chepasi rose chiru kudivi rezve kuuchikwa nekutengeswa kwembeu.



Nyika dzichiri kubudirira dzakaita se Malaysia, India ne Thailand dzinoshandisa mitemo ye *PBR sui generis*. Mitemo yavo inochenetedza kodzero dzevarimi. Zvakakosha kuti mapoka ose ane chekuita nezve nemutemo uyu *PBR sui generis* vavapo kuti vawanewo zvavanowedzera kuti zvifambe zvakanaka, sevakanita sevarimi, vatengi, vagari vemunzvimbio nevauchiki vembeu. Nzira iyi yesui generis haifaniri kuplesana nenzira inoshandiswa nevarimi pakuita mbeu dzavo, kana kuisa imwe nzira sezvino kurudzirwa nenzira ye UPOV.